



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE KONSEPSYON POU KONEKTE HIGH LINE MANHATTAN AK TRAIN HALL MOYNIHAN

Ekstansyon an soti nan Pak Elve ki pi popilè nan New York la, kreye nouvo wout pyeton panoramik k ap konekte Penn Station ak Moynihan Train Hall ak destinasyon nan kot lwès yo soti Chelsea rive Javits Center

Pwojè 50 milyon dola a konplete investisman Eta a pou amelyore sant lwès vil la

Reprezantasyon grafik yo disponib [Isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te revele jodi a, konsepsyon pou yon nouvo konektè k ap konekte High Line Vil New York la ak Moynihan Train Hall. Sa ap fèt atravè Tribinal Magnolia ki aksesip pou bibliki la nan Brookfield Properties ki travèse devlopman Lwès Manhattan li a. Pwojè yo pwopoze a ap bay pyeton yo aksè sekirize, san obstak nan Kot Sidwès Manhattan pa de pon k ap konekte tèminus 10yèm Avenue High Line lan. Yon patenarya piblik-prive ki konpoze ak Empire State Development, Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey), Brookfield Property Group, ak Friends of the High Line, angaje nan pwojè 50 milyon dola a, k ap fini nan sezon Prentan 2023.

"Malgre defi ak difikilte COVID-19 la prezante, New York kontinye fè bagay yo mache - konstui ak fòs konviksyon ak anbisyon pou kite yon eritaj dirab pou avni Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Koneksyon High Line lan ak Moynihan Train Hall ak lòt atraksyon ki nan antouraj yo konplete investisman nou yo nan Sant Lwès Vil la, ankouraje pi bon aksè pou pyeton epi bay Nouyòkè yo yon eksperyans vreman inik. "New York rete angaje pou li bati enfrastrikti fonksyonèl ki amelyore kalite lavi, fè pwomosyon kwasans ekonomik epi ede sekirize yon Empire State ki pi ekolojik."

Selon plan an, nouvo Pon Woodlands ki amenaje a, ap pwolonje nan direksyon lès soti nan High Line ki paralèl ak 30th Street sou tout Dyer Avenue rive nan mwaye blòk ki ant 9th Avenue ak 10th Avenue, kote l ap konekte ak yon dezyèm Pon Bwa k ap deplase nan nò epi konekte nan espas piblik elevatè Brookfield la sou kote nò 31st Street la, ki fini nan 9th Avenue dirèkteman sou 9th Avenue anfas Farley Building ak Moynihan Train Hall. Konektè High Line Moynihan la ap ofri yon eksperyans sekirize, panoramik pou pasaje, rezidan ak vizitè k ap navige nan zòn ki gen anpil trafik sa toupre antre Lincoln Tunnel.

Holly Leicht, Vis Prezidan Egzekitif Imobilye nan Empire State Development, te deklare, "Pandan New York kontinye ap reouvri epi rekipere, angajman nou an pou fè investisman inovan, estratejik nan zòn ki pare pou kwasans yo vin yon pati ki pi enpòtan toujou nan misyon nou. Konektè High Line Moynihan lan se yon deklanchè pou devlopman ekonomik, ki konekte gwo destinasyon Vil New York yo, soti Penn Station rive Hudson Yards nan Javits Center ki fèk devlope a."

Vis Prezidan Egzekitif Brookfield Properties, Sabrina Kanner te deklare, "Brookfield Properties fyè pou fè patenarya ak Gouvènè Hochul, Empire State Development ak Friends of the High Line pandan n ap fè gwo pa an avan nan transfòmasyon ekstraòdinè nan Kot Lwès Manhattan. Nou kontan pou akeyi Nouyòkè ak vizitè yo menm jan nan devlopman Brookfield nan Lwès Manhattan, k ap sèvi alafwa kòm yon sant pou restoran, magazen, ak pwogramasyon piblik pandan tout ane a epi antanke yon pòtay dinamik k ap konekte Moynihan Train Hall dirèkteman ak tout High Line ak Kot Lwès la."

Robert Hammond, Direktè Egzekitif ak Ko-Fondatè Friends of the High Line, te deklare, Nouvo Konektè Moynihan lan reyalize yon vizyon alontèm ak dènye evolisyon pou High Line lan pou bay Nouyòkè yo meyè aksè ki sekirize nan sant transpò kle yo, epi delè rapid pwojè a reponn ak bezwen yon vil k ap soti nan pandemi an. Konsepsyon an se yon egzèsis ki opoze, avèk riban plantasyon fètil vèt li yo, materyèl an bwa dirab ak yon pon an vwa ferye ak konsepsyon tradisyonèl Warren-truss, ki kole ak estrikti an asye High Line lan ak fasad an vè modèn imèb ki antoure yo. Pou l yon vrè vil 21yèm syèk, nou bezwen plis fason pou konekte ki responsab sou plan anviwònmanal. Enfrastrikti sa ap pèmèt koneksyon soti Penn Stationnan tout wout kot ekstrèm lwès la oswa Vilaj Lwès pou yo sèlman dwe travèse yon ri nan vil la. Nou kontan fè pati patenarya sa, epi nou enpasyan pou rann koneksyon sa yo disponib pou tout moun."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare "High Line lan se yon atraksyon ki gen renome mondyal ki bay espas vèt ki tèlman nesèsè epi se yon bèl refij pou pyeton yo. Ekspansyon sa ap ede konekte yon gwo sant transpò ak High Line lan, pote ekleraj ki tèlman nesèsè nan zòn nan, epi kreye wout nan antre danjere Dyer Avenue an."

Senatè Brad Hoylman te deklare, "High Line lan se youn nan meyè pak iben nan mond lan. Priyorite mouvman Gouvènè Hochul sou Kot Lwès Manhattan lan ak entegrasyon kòmantè kominote a nan pwojè sa se siy ki ankourajan de sa ki rete pou vini. Ak wout pyeton ki amelyore yo, pwoteksyon pyeton kont trafik veyikil, ak plis ekleraj nan zòn nan, ekspansyon High Line lan ap pote espas pak ki pi sekirize toujou pou tout moun pwofite."

Richard N. Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, Pandan Kot Lwès la kontinye ap devlope, nou bezwen asire ke enfrastrikti alavni yo pèmèt mouvman pyeton ki sekirize epi ki adapte. "Ekstansyon High Line ak amelyorasyon alavni nan nivo ri ki anba a ap reyalize sa, pandan l ap konstui yon nouvo koneksyon ak zòn Penn Station lan."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Gale A. Brewer, te deklare, "Pwojè Konektè High Line lan fè pati rekiperasyon ekonomik vil nou an. Lè nou pwolonje High Line pi lwen pase pis inisyal la, sa ap pèmèt Kot Lwès la pi aksesib pou vizitè ak pasaje ki itilize Moynihan Train Hall la epi ki vle eksperyman trezò espas piblik Manhattan yo."

Prezidan Manhattan Community Board 4, Lowell Kern, te deklare, Ekstansyon High Line lan se bòn nouvèl pou kante pyeton k ap ogmante ki travèse lwès soti Penn Station ak Moynihan Hall. Ak ekleraj achitektiral ki anba l la, ak plan ki nan nivo lari a, ekstansyon High Line lan ap bay sekirite ak konfò nan yon zòn ki te neglije depi lontan."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)